

PREVANSYON KONT WONJÈ YO:

- Kenbe inite a pwòp
- Bouche twou yo ki toutotou tiyo yo, kanalizasyon pou chofaj yo ansanm ak anba amwa yo
- Netwaye anba fou ak frijidè yo souvan
- Kenbe lakou a pwòp, koupe zèb yo
- Mete fatra yo nan yon bagay an metal oswa an plastik ki lou ki pa kite lè rantrè Elimine Fatra
- Pa kite manje bèt domestik yo deyò
- Anplwaye yon konpayi lit kont parazit ki gen lisans, epi ki gen asirans epi ki konnen teknik IPM yo Lit Kont Parazit Entegre (ntegrated Pest Management)
- Kenbe ni zèb ak ti pyebwa yo byen koupe
- Mete manje pou ti zwazwo yo nan yon manjwa, netwaye devèsman yo chak jou
- Netwaye fatra bèt yo fè chak jou
- Bouche twou ki mennen nan kay lan, menm sa yo ki parèt anlè yo
- Repare defo ki gen nan twou rego yo Netwaye teren vid yo

ÈSKE W TE KONNEN?

Rat Nòvejyen yo (*Rattus Norvegicus*) se rat sa yo ki plis kouran nan rejyon Nòdès lan.

- Ansanm ki yon tikras lou, mawon klè prèske nwa
- Twalèt yo gen fòm kapsil 3/4" longè Jeneralman viv pandan yon ane ki ka gen ant sis a douz pitit nan chak pòte, jiska sèt fwa nan yon ane.
- Sere anba tè, anba edifis ak fatra; jeneralman ap viv a 150" yon sous manje ak dlo.
- Li bezwen omwen yon ons manje pa jou epi yon demi ons dlo. Jeneralman yo manje sa yo konnen yo prefere manje vyann ak sereyal, epi yo pran prekosyon ak nouvo eleman oswa manje.
- Li sote jiska twa pye, grenpe sou fil ak mache sou tiyo byen.
- Kapab pote maladi sa yo:
 - Leptospiwoz
 - Salmoneloz
 - Lafyèy si rat lan mòde ou
 - Lapès



WONJÈ YO

KONTAKTE

Boston Inspectional Services
Environmental Services Division
1010 Mass Ave. Boston, MA 02118

Tel. **617-961-3422** | Fax. **617-635-5388**

ISDenvironmental@boston.gov

Boston.gov/inspections

FONKSYON DIVIZYON SÈVIS ANVIWÒNMAN AN

- Entèvansyon Rapid sou plent nan kesyon wonjè ak fatra yo
- Pyèj ijans ansanm ak pèlen pou wonjè yo
- Siveye ak elimine pwoblèm wonjè yo nan kay ki gen nan vil lan
- Analize plan konstriksyon ak espesifikasyon lit kont wonjè yo
- Enspekte ak siveye tout espas ki gen otorizasyon pou konstwi nan Vil Boston pou pwoblèm wonjè yo
- Aplike kòd sante Meri a
- Kontwòl Pwòpte Espas lan

METE OBSÈVASYON WONJÈ YO SOU PAPYE

Lè yo resevwa yon plent, yon Enspektè Sanitè pral fè yon enspeksyon nan kay lan ak zòn lan. Enspektè a pral eseye idantifye sous manje a ansanm ak zòn egzak kote pwoblèm lan ye.

VYOLASYON

Si yo dekouvri kote pwoblèm lan ye yo pral voye avètisman alekri pou elimine bay mèl kay lan/responsab lan. Yo pral fè yon enspeksyon konfòmite nan espas 7-10 jou ouvrab aprè premye enspeksyon an.

ODYANS

Si vyolasyon an (yo) pa rezoud yo pral voye yon avètisman pou konparèt nan yon Odyans Administratif bay mèl kay lan oswa responsab lan. Odyans lan se yon Ofisye Odyans k ap fè li kote Enspektè a pral temwanye kisa pwoblèm lan ye, vyolasyon yo site yo epi lè yo te vin fè lòt enspeksyon an.

Pwopriyete kay la/responsab lan pral gen chans tou pou diskite sou pwoblèm yo, sa ki fèt oswa kin pral fèt pou kay lan kapab respekte kòd la. Ofisye Odyans lan ap pran tout temwanyaj yo an konsiderasyon epi pran desizyon li nan 7 jou. Tout odyans yo se nan 1010 Mass Ave yo fèt. Sal konferans 4th etaj, Boston, MA.

RODENTICIDES

Rodenticides yo se yon sistèm pèlen yo itilize pou touye rat yo, sourit epi nenpòt wonjè. Pesticid sa yo vini nan diferan fason tankou an likid, grenn, poud, ak gwo mòso kote se sèlman yon operatè kontwòl lapès ki gen lisans ki kapab achte yo. Yo mete pifò rodenticides yo anwo sou sifas kote ki gen plis pwoblèm yo.

PÈLEN

Ou kapab mete pèlen nan nenpòt moman pandan ane a espesyalman pandan chanjman sezon yo konnen sou non “sezon repwodiksyon.”

LIT ENTEGRE KONT PARAZIT (IPM)

Yon pwogram IPM itilize tout metòd kontwòl pou kenbe popilasyon wonjè yo pi ba nivo dega ekonomik lan.

Metòd yo gen ladan yo pratik kiltirèl yo, ajan kontwòl byolojik, fizik ak jenetik ansanm ak itilizasyon sibler pestisid yo

ESPAS KONSTRIKSYON YO

Selon Kòd Konstrikasyon Massachusetts, seksyon 108.6; Kòd Sante Eta Massachusetts, Ch. 1, 105 CMR400.100 ak Ch. II, 105CMR 410.550 epi Kòd Vil Boston, Òdonans Chapit 16–Seksyon 31 ak Ch. 9, Seksyon 1.2, li etabli ke kontwòl oswa pwoblèm wonjè yo antanke yon kondisyon preliminè pou bay yon pèmi konstrikasyon pou fè travay.

ÒDONANS KÒD VIL BOSTON AN

16–31 Mezi Prevansyon Enspeksyon kont Wonjè nan Chantye Konstrikasyon Eta a: Yo p ap bay okenn pèmi konstrikasyon pou renovasyon, konvèsyon, oswa nouvo konstrikasyon jiskaske aplikan an montre prèv yo te trete espas la, oswa pa gen ensèk ak wonjè an konfòmite ak tout kòd ki aplikab yo. Kontraktè /aplikan an se li ki responsab pou pran mezi koreksyon imedya si konstrikasyon an, renovasyon oswa konvèsyon travay la bay kay lòt vwazen yo pwoblèm.